

Rapèl Enpòtan sou COVID-19

06 Septanm 2023

Chè kominote kanmpis,

Pandan semès otòn nan ap kòmanse, m ap ekri ou pou m raple ou pwotokòl ak konsiy sou COVID-19 ki anvigè pou kòmansman ane akademik la.

- **Mask:** Li pa obligatwa pou pote yon mask lè ou anndan. Sepandan, kòm rapèl, mask yo reprezante yon mwayen defans enpòtan kont pwopagasyon COVID-19 ak lòt viris respiratwa.
- **Tès:** Nou ankouraje elèv yo, pwofesè yo ak anplwaye yo pou yo fè yon tès depistaj antijèn COVID-19 rapid, si yo vin gen **sentòm COVID-19 yo**. **Tès yo disponib kounye a nan Sant Sante a**. Si ou teste pozitif, ou dwe **izole dapre konsiy CDC yo**. **Tanpri rapòte tès pozitif ou a nan return.umd.edu**. Yon fwa ou fin rapòte rezilta tès ou a, ou pral resevwa enfòmasyon detaye ak konsèy nan imel.
- **Vaksinasyon:** Pou kèk moun ak moun ki gen sistèm iminitè yo fèb, **rete ajou ak vaksen COVID-19 ou a** kontinye reprezante yon fason enpòtan pou diminye risk pou maladi grav. Vaksen COVID-19 yo disponib nan Sant Sante Inivèsite a ansanm ak nan **famasi lokal yo**.
- **Absans nan Klas Akòz COVID:** Konsèy yo rete an vigè pou jere **absans akoutèm ak mwayen tèm** ki gen rapò ak COVID-19. Elèv ki ka absan akòz COVID-19 yo ta dwe rankontre ak pwofesè yo ak/oswa konseye eskolè yo pou yo konnen ki pi bon fason pou yo fè.
- **Amenajman pou COVID:** Nan ka espesyal yo, elèv yo, pwofesè yo ak anplwaye yo ka mande amenajman pou andikap ki gen rapò ak COVID-19. Pou nouvo demann amenajman yo, elèv yo ka kontakte **Sèvis Aksesiblite ak Andikap**. Anplwaye yo ka kontakte **Resouzimèn Inivèsite a** konsènan demann pou amenajman ki gen rapò ak travay.

Tanpri vizite **sitwèb COVID-19** Sant Sante a ak **umd.edu/4Maryland** pou plis enfòmasyon. Kòm toujou, nou apresye travay ki rive fèt grasa chak moun ki te pote kole pou bay priorite ak bonjan konpòtman, epi n ap tann yon semès ki reyisi!

Pote ou byen epi rete an sekirite,

A handwritten signature in black ink, appearing to read 'Spyridon S. Marinopoulos'.

Spyridon S. Marinopoulos, M.D., M.B.A., F.A.C.P.

Direktè, Sant Sante Inivèsitè

Ofisye Medikal Anchèf, Inivèsite Maryland

Li (Pwonon Maskilen)